



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY NATIONAL "MASK UP AMERICA" NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A

New York pataje mesaj ak nasyon an pou ankouraje mete mask ak pou ede sispann pwopagasyon viris la

Pou rive atenn anpil Ameriken jan sa posib ak enfòmasyon vital mete mask la, New York te fè Patenarya ak pwodiktè Jane Rosenthal, Direktris Kathryn Bigelow ak Konsèy Piblisite a

Gade "Ou Merite Respè" ki rakonte pa Morgan Freeman [isit la](#)

Gade "Yon Ti Bagay Lejè" ki rakonte pa Jeffrey Wright [isit la](#)

Avèk pandemi COVID-19 ki an kou a k'ap pwopaje vit nan anpil eta atravè peyi a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse kanpay nasyonal konsènan edikasyon ak konsyantizasyon "Mask Up America" (Amerika Mete Mask) pou ankouraje tout Ameriken pou yo mete yon mask pandan yo nan piblik pou ede sispann pwopagasyon viris la. Jane Rosenthal, pwodiktè ak Direktris Egzekitif Jenetal nan Tribeca Enterprises, te pwodwi seri spòt yo ak Kathryn Bigelow ki se direktis Akademi prime. Robert De Niro, Kaitlyn Dever, Jamie Foxx, Morgan Freeman, John Leguizamo, Anthony Mackie, Rosie Perez, Ellen Pompeo ak Jeffrey Wright te itilize vwa yo ak talan yo pou pwomote mesaj la epi ogmante konsyantizasyon. Ajans kreyatif TBWA\Chiat\Day New York te ede avèk logo a ak devlopman mark.

"Nouyòkè yo te soufri gravman lè pandemi sa a te frape eta nou an e jan nou wè lòt eta yo ap batay ak vag COVID-19, nou vle asire ke tout Ameriken yo konnen sa nou konnen isit la - ke li esansyèl pou mete yon mask yo pou nou ka pwoteje youn lòt", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou kapab sèlman bat viris sa a si nou ini pou fè yon sèl, se nan divize pa ideoloji oswa politik. Nan lespri sa a nou te travay ak ekip ki pi bon ak pi kreyatif pou delivre mesaj vital sa nan plizyè fason ak plizyè vwa diferan - Mwen mete yon mask pou pwoteje ou epi ou mete yon mask pou pwoteje mwen. Li senp kòm bonjou. America Mete Mask."

Kanpay la gen ladan yon seri de uit anons sèvis piblik (public service announcements, PSA) televize, de premye yo disponib jodi a. Tout PSA yo ap disponib an patenarya

avèk Konsèy Piblisite (Ad Council) a pou medya an difizyon ak medya dijital yo itilize. Yo pral difize PSA yo nan espas tan medya yo bay nan tout peyi a.

Lisa Sherman, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Konsèy Piblisite a, te deklare, "Avèk ka viris k'ap kontinye monte atravè peyi a, nou fyè pou asosye avèk biwo Gouvènè Cuomo sou mesaj enpòtan sa a pou enspire tout Ameriken yo pou mete kouvèti vizaj".

Uit spòt televizyon ki dire 30 segonn yo, ki pral woule pandan tout mwa jiyè a, gen ladan:

1. "Ou Merite Respè" (You Have My Respect)
2. "Antre nan Batay la" (Join the Battle)
3. "Amerika, Ann Ale" (Come On, America)
4. "Akoz Lanmou" (For the Love Of)
5. "Yon Ti Bagay Lejè" (An Easy Lift)
6. "Afwonte Reyalite yo" (Face Facts)
7. "Se Tou pa Ou" (It's Your Shift)
8. "Montre Lanmou" (Show Some Love)

Plizyè nan spòt yo pral disponib alafwa nan vèsyon anglè ak espanyòl, epi yo pral disponib tou pou radyo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)